REMOVAL

Sit Eliminasyon Dechè Riverside Square PCB
Hyde Park, Boston, MA

EPA ETAZINI | PWOGRAM DECHÈ DANJERE NAN EPA NEW ENGLAND

PWOGRAM ENTÈVANSYON DIJANS AK ELIMINASYON DECHÈ *a reponn ak rejè chimik, biyolojik, ak radyolojik ak ijans nasyonal yo nan tout peyi a, ki enkli ensidan sou sekirite enteryè yo. EPA fè netwayaj akoutèm nan pwogram eliminasyon dechè a lè sa nesesè pou pwoteje sante moun ak anviwònman an pandan li swa finanse aksyon entèvansyon yo dirèkteman oswa pandan li sipèvize ak aplike mezi pati ki potansyèlman responsab yo te pran yo.*

SA K AP PASE KOUNYE A

Aktivite netwayaj nan Sit PCB Riverside Square a ankou pa Ajans Pwoteksyon Anviwònman Etazini (EPA). Y ap fouye epi anpile tè ki kontamine ak bifenil poliklore (PCB) ak metal lou (sitou plon) pou transpò ak eliminasyon (T&D) nan depotwa fatra ki apwouve pa EPA yo. Jiskaprezan, yo deja fouye anviwon 700 tòn tè sou 4,500 tòn yo te prevwa a. Pandan tout pwosesis foraj/anpilaj la, EPA te kontwole epi pral kontinye kontwole lè a, itilize dlo kòm yon kontwòl pou minimize pousyè ki nan lè a, epi sekirize pil la ak yon kouvèti polietilèn.

SA POU ATANN PANDAN TRANSPÒ TÈ KONTAMINE A

Operasyon T&D yo ap kòmanse nan fen mwa Me a. Operasyon T&D yo pral fèt pa entèval jiska fen Otòn 2025 lan. EPA, ansanm ak Depatman Lapolis Vil Boston ak Vil Milton te kreye yon plan trafik ki konsidere orè lekòl ak otobis lekòl yo. Orè travay òdinè se pral ant 6:00 am ak 4:30 pm, Lendi jiska Vandredi. Kamyon yo pral antre nan sit la atravè West Street epi soti atravè Arlington Street.

Kamyon yo pral sikile nan lari rezidansyèl yo avèk prekosyon epi avèk asistans lapolis ak/oswa yon kontraktè EPA si sa nesesè. Yo pral mete pankat enfòmasyon konsènan netwayaj la.

KONTAK PRENSIPAL:

LIZ MCCARTHY
EPA Etazini Kowòdonatè Enplikasyon Kominotè
617-918-1136
mccarthy.elizabeth@epa.gov

TOM HATZOPOULOS
EPA Etazini Kowòdonatè Sou-Plas
617-918-1284
hatzopoulos.athanasios@epa.gov

EMMA DIXON
Kowòdonatè EPA Etazini Sou Plas la
617-918-1105
dixon.emma@epa.gov

LIY TELEFÒN-GRATIS SÈVIS KLIYANTÈL

1-888-EPA-7341

APRANN PLIS SOU:
response.epa.gov/riversidesquarepcb